



# Eleksyon 2022

## Jenerasyon nou an gen pouvwa an Out ak an Novanm!

Eleksyon yo ka la koz strès, men jèn moun ki angaje avek Engage pou vote gen 11% plis chance pou yo soti al vote. Nap voye rapel ba ou, enformasyon sou dwa de vot out ak ki jan pou vote, ansanm ak gid votè ki eksplike kote kandida yo kanpe sou kesyon ki pi enpòtan yo.

Novanm sa , n'ap vote pou Gouvènè, Senatè Ameriken, kous Kongrè , ak plis ankò. Ou dwe anrejistre pou vote anvan 11 oktòb. Vòt bonè nan Miami-Dade, Broward, ak Palm Beach ap kòmanse 24 oktòb, epi ou ka mande yon bilten vòt pa lapòs anvan 29 oktòb.

## Ki sa ki pral sou bilten vòt mwen an nan 2022?

### Federal

Sena Ameriken  
Depite nan Kongrè nan (tout distrik yo)

### Nivo Eta A

Gouvènè, Lyetnan Gouvènè, Komisè Gouvènman, Direktè Finansye, ak Komisè Agrikilti  
Senatè Eta a ak Chamn Reprezantan Eta a

### Konte Miami-Dade

Manm Konsèy nan Konte a (Distri 2 ak 6)  
Sekirize Referandòm lavni nou an. Ane sa , votè Miami-Dade yo pral apwouve oswa rejte yon renouvèlman referandòm pou pwogram Secure our Future (votè yo te pase an 2018) ki pral ekspire le 30 jen 2023. Pwogram nan amelyore salè ak benefis pou pwofesè ak anplwaye ansèyman atravè Miami- Lekòl Piblik ak Charter County Dade County, ansanm ak "amelyorasyon sekirite". Referandòm lan kontinye pwogram nan jiska 30 jen 2027.

Ou dwe enskri pou vote 29 jou anvan yon elekson nan Florid. Si'w pa elijib pou vote akòz laj ou, paske dwa votè'w pa te retabli, oswa akòz estati sitwayènte'w, itilize enfòmasyon sa pou ede zanmi'w yo ak fanmi'w ki gen dwa vote, pou prepare yo pou y'al vote nan mwa d'Out ak Novanm! Ou vle angaje'w plis? [Volontè](#) avèk nou epi na pral kontakt' w pou ba;w tout detay yo.

## Tann - sak te pase nan dènye elekson yo?

### Eleksyon pou pòs Gouvènè, pou Sena ak Kongrè Ameriken nan FL

- Pou elekson nan pòs gouvènè 2018 la, Gouvènè la Ron DeSantis (R) te bat kandida Andrew Gillum (D) pa 32,468 vòt, swa sèlman .4%.
- Pou elekson Sena Ameriken an nan 2018, ansyen Gouvènè Florid Rick Scott (R) te bat Bill Nelson (D) pa sèlman 10,033 vòt, swa sèlman .12% nan 8.2 milyon vòt ki te jete nan yon eta ki gen plis pase 20 milyon rezidan.
- Patisipasyon nan Primè 2018 la te gen sèlman 27% nan votè ki enskri e to patisipasyon yo nan elekson jeneral 2018 la te 63%, men to patisipasyon nan Sid Florid ak jèn votè yo te fèb anpil konpare ak to patisipasyon nan tout eta a, kidonk fòn chanje sa pou n ka deside pwòp avni nou!
- Eleksyon pou kongrè a te trè sere tou: nan Distri 27 (ki kounye a re-trase) Donna Shalala (D) te bat Maria Elvira Salazar (R) pa 15,155 vòt, men Maria Elvira Salazar apre sa a, te vin genyen kous pou Distri 27 Kongrè a an 2020 e kounye a l'ap sèvi nan kongrè a – li se yon kandida sòtan pou 2022. Epitou an 2018 Debbie Mucarsel-Powell (D) te bat kandida sòtan Carlos Curbelo (R) pa 4,119 vòt nan Distri 26 Kongrè a, ke ansyen majistra Mayami Dade Carlos Gimenez (R) te vin ranpòte an 2020, distri sa a pral nan elekson tou ane sa a.
- Nan 2022 yo te re-trase distri yo apre resansman 2020 an, e tout moun pral nan elekson pou pòs pou sèvi nan Chanm Depite Ameriken ak nan Lejislati nan nivo eta ankò.

### Amandman konstitisyonèl yo

- Nan 2018 votè Florid yo te pase Amandman 4, pou retounen dwa pou vote bay sitwayen ki te fin fè tan prizon yo, oswa moun ki te deja akize epi kondane pou yon krim. Malerezman lejislasti eta a konplike pwosesis pou retabli dwa vòt bay sitwayen sa yo. Ou kapab ale sou sit Kowalisyon Pou Restorasyon Dwa nan Florid pou aprann plis epi aksede ak resous yo.
- An 2020, nou te pase Amannman 2, pou ogmante salè minimòm lan a \$ 15 lè sou yon peryòd de plizyè ane kap vini yo, ansanm ak plizyè lòt chanjman konstitisyonèl enpòtan

## Ki sa ki nouvo ane sa a?

- Chak gress syèj nan Chanm Depite ak nan Chanm Sena nan nivo eta ak nan Kongrè Ameriken an pral nan elekson ane sa . Nan ane 2020, nou te patisipe nan resansman Etazini an, e pandan sik lejislatif sa a tout distri yo - soti nan Kongrè pou rive nan distri lekòl yo – te re-trase nan kad pwoesisis redistribisyon an.
- Votè yo te pase limit nan manda an 2012 ki afekte Komisyen Konte Miyami-Dade la, Se konsa, kounye pa gen anpil komisyonè eli ki kalifye pou yo prezante nan elekson ankò, ki vle di nou pral eli yon gwoup nouvo dirijan nan komisyen enpòtan konte nou an, ki kontwole politik lokal lojman an, fòs polis konte a, adaptasyon klima a, enfrastrikti lokal yo , ak yon bidjè \$ 9 milya dola konte genyen. Nimewo Syèj chif pè yo nan konte a pral nan elekson an 2022, ak elekson non-patizan k'ap fèt nan mwa d'Out epi dezyèm tou nan mwa Novanm.

## E pou Konsèy Minisipal mwen ak majistra ?

Ebyen - li konplike. Chak minisipalite gen pwòp dat pou elekson yo, kidonk, tcheke sit depatman elekson yo pou konnen lè vil ou a vote. Si w'ap viv nan yon zòn ki pa enkoporenan Miami-Dade, Komisyen konte a se gouvènman lokal ki pi imeda'y, men gen plis pase 30 minisipalite nan konte a ki gen pwòp konsèy miniipal yo, majistra yo ak dat elekson yo. An 2021, yo te fè elekson yo nan vil Miami, Miami Beach, Homestead, ak Hialeah. To patisipasyon an te mwens ke 15% nan vil Miyami an, men se sèlman 5% nan votè ant 18 a 35 an yo ki te soti al vote - byenke to patisipasyon jèn kite resevwa gid votè nou yo te 17%! An 2020 nou te eli tou nouvo merès Konte a, Daniella Levine Cava, pwochen elekson pou syèj sa ap fèt an 2024.

Pou votè Miyami-Dade yo: Ou ka tcheke estati enskripsyon votè'w, met ajou demand vòt pa lapòs ou, epi swiv bilten vòt pa lapòs [isit la](#). Lè echantyon bilten vòt yo disponib, w'ap ka wè bilten vòt ou a davans [isit la](#).

**Nou pral kenbe paj sa a ajou lè nou pi pre jou elekson an!**